# ЛЪАРАТIА



ЛъаратIа районалъул газета

№ 8 * июнь 2018 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


*хIисабал ва хIасилал*

# Росдал магIишаталъул хIасилал гьаруна

## *Росдал магIишаталъул хIалтIул хIасилал*

**Иргадулаб заседание тIобитIана ЛъаратIа администрациялъул залалда. Гьаб нухалъ цебе лъуна росдал магIишаталъул гъоркьисеб лъагIалил ва исанасеб лъагIалил тIоцебесеб бащалъиялъул хIалтIул хIасилал. Ахирисел хIасилазда рекъон, росдал магIишат цебе тIолеб бугоян бичIизабулеб буго нухмалъиялъ.**





Июналъул 25 къоялъ заседаниялда гьоркьоб лъуна росдал магIишаталъул хIасилазул суал. Докладгун цеве вахъана ЛъаратIа росдал магIишаталъул идараялъул начальник МухIамад МухIамадов. Гьес рехсолел рукIана хIасилал лъикIал рукIиналъе нугIлъи гьабулел тарихал. Масала, МухIамад МухIамадовасул рагIабазда рекъон, районалъул ракьул гIатIилъи бугила 161,1 азарго гектар, гьенисан росдал магIишаталъе хIалтIизабулеб бугила 63,7 азарго гектар, гьенисаги 3.9 азарго гектар, хер бецциялъул 6.5 азарго гектар, мучIдузул гIатIилъи 48,5 азарго гектар ва гь.ц. Бугила гьединго теплицабазул ва гьел гурел цоги гIисинал ракьазул къадарги. Рекьуларел ракьазул къадарги бугила 4.8 азарго гектар. Росдал магIишаталъул предприятиязул (СПК) къадар 23 бугила, КФХязул (крестьянско-фермерское хозяйство) - 55 ва ЛПХ (личное подсобное хозяйство) – 5182.

Кинабниги районалда 2017 соналъ кьун буго 2593 тонн гьан. Рахьдал къадар 2183 литр, 3,384 млн штук ханазул, гIиял хIан – 85 тонна, цо гIиядаса гьоркьохъеб бахъун буго 2,6 кг квасулги.

Исанасеб лъагIалил тIоцебесеб бащалъиялда гIезабун буго « Абдулнасир» абураб магIишаталъ 10,5 гектаралъул ах. РацIад гьарун ругила лъел мухъал СПК «Камилух» - 2400 метр халалъиялъул, СПК «Тельман» - 3100 м, СПК «Джурмут» - 8400 м, СПК «Дахадаева» - 2000 м. Гьеб гуреб бацIад гьабизе ккараб хIалалда бугила «Чувал-канал».

МухIамад МухIамадов: «Исана цере лъурал масъалаби тIуран руго, районалъул ветеринарияб хъулухъалъги, магIишатазул нухмалъулез гIуцIун буго ихдал магIарухъе гочиналде гIиял чуриялъул хIалтIи ва батIи-батIиял унтабазда данде вакцинаги. ТIоцебе гьабун буго Ящуралда ва Сибирская язва абурал унтабазе дару.

Жакъа КъамилюхЪ росулъ лъабго КФХялъ гIезарулел руго дагъистаналъул мугIрузулаб породаялъул гIи. Гьеб буго хасаб тайпа магIарухъ ва хъутаналда къо хIехьолел гIиязул».

Гьеб гуреб, доклад цIалулес кIудияб къимат кьуна хадусел магIишатазе: СПК «Дахадаева» , СПК «Джурмут» , ПК «Камчатка» , СПК «Обода» , ПК «Утар» , КФХ « Имамов Сайпула».

Данделъиялда гIахьаллъана гьединго районалъул бетIер Ражаб Ражабовги. Гьесги къимат кьуна росдал магIишаталъул цебетIеялъе. Гьесул пикруялда рекъон, росдал магIишаталъ тIуралел ругила цере лъурал масъалаби.

«2017 лъагIалида цере лъурал киналго масъалаби тIуран руго. Росдал магIишаталъул кинабго рахъалъан мугIрузул районазда нилъ руго тIоцебесеб бакIалда. Ахирал соназда росдал магIишаталда хIалтIулел чагIиги ратулел руго. Нижеца гьезие кIвараб кумекги гьабизе буго. Нилъер районалъе тIокIаб батIияб экономика цебетIезабиялъе рес гьечIо, гьединлъидал нилъеца гьеб рахъалде хасаб къагIидаялъ кIвар буссинабизе буго» - ян абуна районалъул бетIерас.

*к вашему сведению*

# Заблаговременное назначение пенсии:

## Зачем это нужно

**Отделение Пенсионного фонда РФ по Республике Дагестан напоминает, что первое обращение по вопросу предстоящего назначения пенсии по старости гражданам следует делать в территориальный орган ОПФР заблаговременно. Именно это позволит назначить пенсию своевременно, в полном объеме, с учетом всех заработанных пенсионных прав.**

Заблаговременное обращение по вопросу предстоящего установления пенсии - за год или в течение 12 месяцев до назначения - позволит специалистам отдела оценки пенсионных прав провести предварительную оценку имеющихся документов, дать необходимые консультации и главное, в случае недостающих сведений или необходимости подтверждения или уточнения сведений, - направить соответствующие запросы в организации, где трудился гражданин, в архивные учреждения для подтверждения периодов работы, продолжительности трудового стажа, размера заработка и т.д.

Если мероприятия по уточнению данных о стаже, в том числе о специальном стаже, будут начаты и завершены до достижения заявителем пенсионного возраста, то страховая пенсия по старости будет назначена в день наступления права: для мужчин в день 60-летия, для женщин в день 55-летия, но после подачи заявления об установлении пенсии. Заявление об установлении пенсии подается за 1 месяц до наступления пенсионного возраста. При этом, если гражданин обратился по вопросу оценки своих пенсионных прав заблаговременно и удовлетворен полнотой сведений на своем индивидуальном лицевом счете, он может подать заявление на установление пенсии в электронном виде в Личном кабинете на официальном сайте ПФР.

Своевременное установление пенсии, само по себе являющееся позитивным финансовым фактором, позволяет гражданам также своевременно получить полагающиеся доплаты и льготы по линии социальной защиты, предусмотренные исполнительной властью регионов. В Москве, например, это доплата к пенсии, если ее размер не достигает величины прожиточного минимума в регионе (для тех, у кого постоянная московская регистрация менее 10 лет) или величины городского социального стандарта (для тех, у кого постоянная московская регистрация более 10 лет), а также получение социальной карты москвича, дающей, в том числе, право на бесплатный проезд в общественном транспорте.

**Для предварительной оценки документов, необходимых для назначения страховой пенсии по старости, в рамках заблаговременной работы гражданам необходимо представить:** паспорт; трудовую книжку и (или) другие документы, подтверждающие периоды работы и (или) иной деятельности, в том числе на соответствующих видах работ (справки, подтверждающие периоды льготной работы); страховое свидетельство государственного пенсионного страхования (СНИЛС).

**Для подтверждения дополнительных обстоятельств:** военный билет; свидетельство о браке (при наличии смены фамилии); свидетельства о рождении детей; справку о среднемесячном заработке за 60 месяцев подряд до 01.01.2002 г. в случае отсутствия факта работы за 2000-2001 гг. или в случае, когда размер среднемесячной заработной платы за 2000-2001 гг. составил менее 2006 руб. (для выбора наиболее выгодного варианта среднемесячного заработка).

Другим способом установления пенсий гражданам является вариант в рамках электронного информационного взаимодействия Отделения ПФР с работодателями Дагестана по предоставлению документов, необходимых для назначения пенсии сотрудникам, выходящим на пенсию в ближайший год. В этом случае, в рамках заключенного соглашения кадровые службы организаций направляют документы и заявления граждан в территориальные органы Отделения ПФР по РД, что существенно экономит время как самих граждан, так и время, необходимое для назначения пенсий.

Благодаря таким соглашениям работодатели республики получают возможность заблаговременно направлять в Пенсионный фонд сведения о сотрудниках (списки и все необходимые документы), принявших решение в ближайшие 12 месяцев обратиться за назначением пенсии.

Передача данных осуществляется по защищенным каналам связи с использованием усиленной квалифицированной электронной подписи работодателя в соответствии с требованиями к защите персональных данных граждан, которые установлены законодательством Российской Федерации. При этом сведения передаются только по письменному согласию сотрудника в адрес работодателя на передачу и обработку его персональных данных.

*Нилъер росаби*

# ЦОЛЪИ ГIАДАБ КЪУВАТ ГЬЕЧIО РАКЬАЛДА

## *Гъараколоб росулъ рагьана цIияб нух ва спортзал*

**ЛъаратIа районалда бищунго захIмат бокьулел ва кIвахI тун бокьараб хIалтIи гьабулел гIадамал рикIкIуна лъебелазул жамагIат. Гьезул буго цо хасаб цогидазда релълъинчIеб хIалтIуде гьира. Гьелъие цоги нухалъ нугIлъи гьабулеб буго Гъараколоб росдал жамагIаталъ жидерго къуваталдалъун бараб кIудияб спортивияб залалъ. Гьединго Гъараколоб росулъе цIи гьабуна шагьра-нухалъул цо бутIа - 1,5 км.**





Июналъул 30 къоялъ районалъул администрациялдаса вакилзаби ва батIи-батIиял росабалъа гIадамал ракIарана Гъараколоб росулъе. Гьениб букIана кIиго батIияб гIилла данделъизе. Росулъе нух цIигьаби ва цIияб спортивияб зал рагьин. ТIоцере тIаде рачIарал гьалбал къабул гьаруна росулъе щвелелде цIияб шагьранух гьабураб бакIалда. Гьениб гIадатияб къагIидаялда культуриял номерал, кьурди, кечI-макъанги гьабун, цо-цо кIалъазе махшел бугел гIадал чагIазе рагIиги кьун тIадехун рилъана. Росулъ жанир лъугьунаго тIаде рачIарал гьалбал къабул гьаруна исламияб ретIа-къай бугел гIолохъабаз. Гьез ине кколеб нух бихьизабуна.

Гъараколоб росу рикIкIуна лъебелазул жамагIаталда жанибги бищунго рацIалъиялъе ва гIадлунизамалъе кIвар кьолеб росу. БоцIипанзалдаса бетIербахъи гьабулел чагIи ругониги, гьеб боцIи росулъ хьвадиялъул гIаламаталги кирниги рихьулел гьечIо. Росулъ буго гIагашагарго 60 гIанасеб цIараки. Аби буго гьезул росулъ рузман къоялъ мажгиталде щолеб къадар гIадамазул бокьараб къоялъ рогьалил какдеги щолин. Гьенир гIадамалги дагьал батIиял, гIодоре риччарал ругилан ккола тIоцеве гьениве щварав чиясда. Росулъ гьабсагIаталдаги нахъе цIунун буго маххул къебелъи. БатIибатIиял маххул тIагIелал, алатал гьарулел махшелчагIи дандчIвала. Гьенир руго чанго соналъ цIалун рахъарал гIалимзаби, мутагIилзаби, лъимерлъиялдаса нахъе мадрасазда цIалун динияб гIелму лъай щварал гIолохъаби. Гьениб гIажаиблъи гьабизе ккараб жо гьечIо, тарихалде раккани Гъараколоб росулъ церегоялдаса нахъе рукIана цIаларал чагIи, шайихзаби. Гьениб росу бижаралдаса нахъе цониги гъараколосев туснахъалде ккечIила жеги. Гьединал тIокIлъаби ва хаслъаби гьеб росулъ гIемерал руго.

КIиго соналъ цере районалъул нухмалъиялдаса хIакимзаби щун рукIана Гъараколоб росулъе халшал гьабизе, росулъ кинаб рукIарахъин бугебали балагьизе. Гьеб мехалъ гьанжего-гьанже базе бихьараб букIана гьениб спортзал. ЖамагIаталъ таваккал тIамуна кисанги кумек гьечIого жидерго къуваталдалъун 30 метралъ халатаб ва I4 метралъ гIебаб спортзал базе. Жакъа росу бакьулъ эхетун буго гьеб спортивияб рукъ. Бокьараб росулъ лъоларо гьединал масъалаби жамагIаталда цере, лъуниги гьел тIураларо. Гьенибги бихьулеб буго Гъараколоб росдал цо жидерго батIияб хасият. Цо ригь арав чияс абулеб рагIана, жидер халкъалъе хасиятаб гуреб гIамал бугила нижее кумек гьабе абун дора-гьанире рекерахъди, хIукуматалдасан кумек щвезегIан хIалтIи толарила жамагIаталъ.

Росдал бегавул МухIамад МухIамадгIалиевасул рагIабазда рекъон, спортивияб зал базе районалъул администрациялдаса щвана дагьаб бугониги кумек.

«Жакъа Гъараколоб росулъ спортивияб зал эхетун буго гIицIго гIолохъабазул хIаракатчилъиялдалъун, гьезул къуваталдалъун ва таваккалалдалъун. ХIукуматалъул кинабгIаги кумек гьечIого байбихьун букIана хIалтIи, гьелда хьулги букIинчIо. Кин бугониги районалъул нухмалъиялъги гьабуна квербакъи».

Данделъиялда гьединго гIахьаллъи гьабуна районалъул динияб идараялъул вакилзабазги. Гьел гурел рукIана мавлидал, нашидал ахIулел гIолохъаби ва росабазул имамзаби. Районалъул имам МухIамад-хIажи ГIалиевас цеве вахъун бицана гьеб кIудияб хIалтIиялъул ва цолъун цадахъ хIалтIиялъул бугеб цебетIей.

«Жакъа нилъеда бихьулеб буго диналъулги дуниялалъулги хIалтIи кин гьабизе кколеб абураб суалалъе рагьараб жаваб. Аби буго, цояб кверalъ ахират цогидалъ дуниял гьабизе кколилан. ГIицIго динги гьабун хIалтIи рехун тезе бегьуларо, яги гьелъул гIаксалда. Диналъ беццараб буго инсанас жиндирго черх лъадаризе, сахлъи цIунизе. Дида ккун букIана жакъа нужее цолъиялъул бицине, амма гьанже дида гьелъул хIажалъи бихьулеб гьечIо, щайгурелъул цолъи букIинчIебани гьаб хIалтIи рагIалде бахъизе букIинчIо» - ян абуна МухIамад-хIажи ГIалиевас.

Районалъул бетIер Ражаб Ражабовас къимат кьуна гьабураб хIалтIуе ва цеве вахъун баркана жамагIаталда спортивияб зал ва росулъе нух цIи гьаби.

«ХIурматияб жамагIат, дица районалъул администрациялъул рахъалдаса ракI-ракIалъ баркулеб буго нужеда гьаб жакъасеб байрам. Нужеца рагIалде бахъинабуна бищунго кIвар бугеб кIиго хIалтIи. ГIадада гуро абулеб, мажгиталъул къедгицин нахъе бахъун нухлие бакI кьезе кколин. Жакъа нужее цIигьабун буго росулъе щолеб шагьранух. Гьелъ кIудияб кумек кьолеб буго росдал жамагIаталъе. Хьул буго гьаб цIияб спортивияб кIалгIадухъа Россиялъул ва дуниялалъул чемпионалги рахъун нилъер район машгьур гьабизе», - ян абуна районалъул бетIерас.



## Список кандидатов в присяжные заседатели для обеспечения деятельности Верховного суда Республики Дагестан по МО «Тляратинский район»

1. Абдухакимов Абдухаким Зайнудинович
2. Абдурахманов Ибрагим Сайпулаевич
3. Абдулхаликов Хайбула Тагирович
4. Алибеков Камиль Магомедович
5. Алиев Хабиб Гаджимагомедович
6. Гайдаров Расул Магомедович
7. Гусейнов Гаджимурад Алиевич
8. Гусейнов Шамил Гусейнович
9. Дибиров Гусен Алиевич
10. Ибрагимов Саидахмед Магомедович
11. Ибрагимов Рамазан Сиражудинович
12. Идуратов Ахмед Гаджимагомедович
13. Магомедов Ризван Абдулмеджидович
14. Магомедов Шамиль Насрудинович
15. Магомедов Каримула Рамазанович
16. Махтимагомедов Муслим Ниматулаевич
17. Насруллаев Ахмед Магомедович
18. Омаров Абдулмажид Хайбулаевич
19. Омарова Зулейха Сулейбановна
20. Рамазанов Алибег Абдулбариевич
21. Саидов Гаджи Алиевич
22. Султанов Магомедтагир Абулмуслимович
23. Халилов Омар Михалович
24. Хизриев Абдулатип Курбанович
25. Шамилов Микаил Магомедович

## Список кандидатов в присяжные заседатели для обеспечения деятельности Северокавказского военного окружного суда по МО «Тляратинский район»

1. Абакарова Шамсият Ахмедовна
2. Абдурахманов Муслим Абдурахманович
3. Алиева Аминат Омаровна
4. Алиева Гулизар Якуповна
5. Алиева Раисат Ахмедовна
6. Гаджиева Халимат Гаджиевна
7. Газимагомедова Патима Сулеймановна
8. Гусейнова Меседо Магомедовна
9. Давудова Каримат Саадулаевна
10. Ибрагимов Магомедарип Магомедсалихович
11. Ибрагимова Аминат Ибрагимовна
12. Исаева Мадина Магомедрасуловна
13. Камаева Зарият Магомедовна
14. Камбатов Батир Камбатович
15. Курамагомедов Курамагомед Магомедович
16. Магомедов Сепудин Абдулвахидович
17. Магомедова Патимат Шамиловна
18. Магомедова Сиядат Бурганудиновна
19. Магомедова Субханат Шайихмагомедовна
20. Мусаев Магомед Гаджиевич
21. Рамазанов Алибег Абдулбариевич
22. Шамсудинова Хухуч Нурудиновна
23. Шигабудинов Шигабудин Османович
24. Юсупова Патима гамзатовна

*Пайдаял малъиял*

## НигIматал кин цIунилел ?

**Пихъал ракIариялъул завал цодагьабго гIодобцарабго, якъинаб буго нилъ киналго журала рукъалда цебе чIарал овощазде помидор, охцер, перец, баклажан, картошка гIезабизе. Гьезда лъазе ккола, хурухъанасул захIмат кIалагьоркье чIвазабула рекьарал овощазде ракIалда гьечIого кколел батIи - батIиял унтабаз.**

Фитофтора ккола овощазе ва картошкаялъе кIудияб зарал гьабулеб грибокалъул унти. Фитофтораялъ помидоралъул яги картошкадул хIубиялда тIулакьераб лангал, тIанкIал лъугьинарула, ахирги туризабула.

Гьелде данде хIалтIизабула, данде кьеркьола батIи-батIиял фунгицидазул кумекалдалъун. Руго химиялъул препаратал, ахихъаби - хурухъабазда лъикI лъалел медный купорос ва бордоссалъул жидкость.

* * *

Руго биофунгицидалги: унти ккезабулел грибоказде данде хIалтIизарулел тIабигIиял бактериял. Гьел росизе бегьула хасал тукабаздаса. Бегьула нилъер ругел ресаздаса пайдаги росун, рокъоргo хIадуризеги. Даруял лъамалъаби хIадурулеб къагIидаби чанго руго:

Босила лъел щуго литра, кванилъ хIалтIизабулеб содаялъул цо гъуд, семечкадул нахул лъабго гъуд лъамаяб сапнал цо гъуд. Рехсараб кинабго лъикI жубазабула. Гьеб лъамалъи речIизабила.

Босила гIакдал ракул лъамалъиялъул цо литр, лъел 10 литра, кIиябго жубазабила ва гьебсагIатго речIчIизабила, речIчIизабизе бегьула цIилицIалъ.

* * *

Босила цо кило мичIчIалъул, лъабго литра лъел, 30 грамм партал чурулеб сапун. МичIчI гIисинго бусина, гьелде тIаде лъим тIела, Цо сордо-къоялъ беччизеги тун, цIвила. Гьеб лъамалъиялде тIаде тIела сапун ва багъаризегьабун, овощазде речIчIизабила.

* * *

Ражи яги цIияб бижараб ражидул чIорал 200 грамм,лъим 200 грамм, йод 20 грамм, сапун 30 грамм. Гьан ххунеб машинаялдасан биччараб ражиялде тIаде тIела лъим ва кIиго, лъабго къоялъ беччаризе лъела, хадуб цIвила, гьелде тIаде тIела 10 литра лъел. Багъарила, гьелда жубазабила йод, сапун. Гьеб кинабго лъикI жубазабун речIчIизабила оващазде.

* * *

Босила рахь яги риди 2 литра, чакар цо стакан, 10 литра лъел. Гьеб жубазабила ва речIчIизабила.

МВД по Республике Дагестан

Отдел Министерства внутренних дел Российской Федерации по Тляратинскому району (ОМВД России по Тляратинскому району)

368420, с. Тлярата, Республика Дагестан

22.06 2018 г. № 36/1955

на № ________ от __________2018 г.

Главному редактору печатного издания газеты «Тлярата» Раджабова Р.А.

Материал в СМИ

Во исполнение требований Федерального закона от 28.04.2009 № 71-ФЗ, Закона Республики Дагестан от 18.11.2009 № 69 и в целях предупреждения преступлений и правонарушений среди несовершеннолетних, организовывается и еженедельно проводиться в ночное время суток (с 22:00 до 06:00 час.) профилактические мероприятия по изъятию несовершеннолетних, находящихся в общественных местах, в том числе улицах, парках, объектах развлечения и досуга, сферы торговли и общественного питания, компьютерных залах и иных местах без сопровождения родителей или лиц их заменяющих с привлечением сотрудников ПДН, ППСП, УУП и ОУР, представителей органов и учреждений системы профилактики. В случаи обнаружении несовершеннолетних без сопровождения в взрослых или законных представителей после 22:00 мин. несовершеннолетние будут доставлены в отдел МВД по Тляратинскому району, будут вызваны родители, занесут в книгу доставленных, составят протокол доставлении и проведением профилактической беседы будут переданы родителям. В случаи повторных нарушений несовершеннолетних поставят на профилактический учет.

Начальник
майор полиции Г.Д. Шамилов

Исп.: Магомедов Х.К.

*Спорт*

# В Тляратинском районе встретили чемпиона мира




**В районе прошло чествование чемпиона мира в тяжелом весе Расула Дибирова, сообщили информагентству в пресс-службе муниципалитета.**

Чемпиона встретили руководство и актив района, представители всех сельских поселений района, а также многочисленные родственники и друзья.

В адрес спортсмена прозвучало множество поздравлений с победой, пожеланий дальнейших успехов в спортивной карьере.

От администрации района, администрации села и комитета по делам молодежи района чемпиону были вручены денежные призы и памятные подарки.

«Заслуженный мастер спорта международного класса Расул Дибиров завоевал титул чемпиона Мира по боксу сразу по двум версиям: WBF, WBL. Мы очень гордимся нашим спортсменом и надеемся, что молодое поколение будет брать с него пример и стремиться к высоким титулам», – сказал глава района Раджаб Раджабов, обращаясь к присутствующим.

Расул Дибиров поблагодарил всех пришедших на встречу. «Не ожидал, что меня так тепло будут встречать, за что хочу сказать каждому большое спасибо. Особую благодарность выражаю главе района, тренерам и всей моей команде, без усилий которых не было бы этого успеха», – заявил чемпион мира.

*дин ва гІумру*

# Вацапалъул мунагь

**ГьитІинабин гІадамаз тараб цІакъ кІудияб мунагь интерненалда аза-азариде бахуна**

**Жакъа рокъобги, къватІибги, бусалъги, хІажатханаялъубгицин гІадамаз кодоса биччалеб гьечІо телефон ва бер тІаса босичІого балагьун рукІунел руго гьелъул экраналде. Кидаго цоцахъе хъвадарилел, роликалде балагьун релъанхъулел рукІунел руго. Интернетги, соцсеталги, дунялалъул рокъоб магІишат цебетІейги, кинабго Ахирзаманалъул нигІматал руго Аллагьас нилъее кьурал, бокьарас квешалдалъун, гІакълу бугес лъикІалдехун хІалтІизарулел.**




Амма кидаго кІочене бегьуларо нилъер кинабго хьвада-чІвади, щибаб рагІи щибго жо гьоркьоб толареб «камераялъ» бахъулеб букІин. Хирияб Кьуръаналда аят буго гьединаб магІнаялъул: «Абуларила чияс цониги рагІи Ракъиб ва ГІатид малаикзабаз хъван гуреб». Киниги цо жо халкъалда гьоркьоб машгьурлъураб заманалда гьелдаса гьукъун рикІкІад чІезе кигІан бокьаниги цІакъ захІмат букІуна. Жакъа интерненалдаса цІакъ санагІат буго хІалтІи гьабизеги, цебе дандчІван гурони тІуралел рукІарал суалал дунялалъул рагІалда вугес цогияб рагІалда вугесулгун тІубалеб буго. ХІатта хъизангицин интерненалъул кумекалдалъун гьабулеб буго.

Интернетги, телефоналги, хутІарабги халкъалъе гьукъун бажаруларо, амма нилъеда тІадаб буго гьеб кинабго исламалъул нухдасан бачине. Нилъгоги нилъер хъизан-агьлуги квешалдаса цІунизе ва битІараб нух ккезе.

### Вацапалъул мунагьал

Жакъа нилъер гІемерисезул телефонал кодоре росун жанире раккани, гІемерал мунагьазул цІун ратула. Дица абулеб гьечІо гьенир чорокал роликал ратулин, гьединалги камулел ратиларо. Амма нилъеца гІемерисез рекІелгъеялъе цогидал релъанхъизаризе цоцахъе ритІулел жал цІакъ кІудияб пашманлъиялъул Кьиямасеб кьоялъ нилъее балагьлъун ратизе бегьулел руго.

Щал гьелин гьикъани, ваккеха щивав жиндирго телефоналъе, щал суратал, щал роликал, щал харбал гьенир ругелали. Гьал телефоналги камерабиги раккаралдаса цІакъ гІемер лъикІабги квешабги бахъана гІадамаз ва къватІиб цІезабуна. Цо пуланав чияс мунагь яги къабихІаб пиша гьабулеб бахъун букІуна ялъуни цо бихьинчи яги чІужугІадан санагІат гьечІеб хІалалда ругеб мехалъ бахъун батула цогияз, гІодов кколев, гьороца ретІел борхизабулеб, чи холев яги чІвалев, аза-зар батІи-батІиял лъугьа-бахъинал. Камераби кирго ругелъул, чиясе бокьаниги бокьичІони бахъун кколебги буго ва гьединго чияр гІадамазухъе щвезе ресги букІунеб буго.

### Бищун машгьурал мунагьал ва гьезул кІодолъи

Гьибат, бугьтан, гІадамал инжит гьари, гьереси бицин, мацІ гьаби, чияр гІажизлъи-хатІаялда тІад релъанхъи. Кепалъейин абун пуланаб ролик, сурат, хабар, кечІбакъан яги цогидаб жо чияхъе битІилалде ургъизе ккола гьеб пишаялъулъ хІарамлъи бугищали. ЦІакъ кІвар гьабизе ккараблъун буго гьаб хадуб рехсараб пиша. Чиясда бищун гьитІинабин ккараб, амма халкъалда гьоркьоб жиб бессараб ва цІакъго кІудияб мунагьлъун ккола гьибат-бугьтан.

Гьибат бугоха чиясул хІакъалъулъ гьесие бокьулареб жо аби, гьеб хІакъикъаталда бугониги - «дов сурукъав вуго, гІантаб-тохав вуго, мегІер кІудияв, мискинав, загІипав, жагьалав, кьокъав, чІегІерав-хъахІав, бохдул гьетІарал руго» - гьедин батІи-батІиял хІалал ва сипатал рехсон чиясда тІасан кІалъай, нахъасан абуниги бадибе абуниги. Пуланав чиясдасан кІалъалаго гІадамаз абула: «Дица бугеб жо абулеб буго, досда бадибеги абизе кІола», - ян. Кин абуниги гьеб буго гьибат, чи хІакъир гьави.

Гьибаталъул хІакъалъулъ абулеб буго гьеб лъеберго зина гьабиялдасаги мунагь цІикІкІараб бугин. Бугьтан – гьечІеб жо чиясде гІунтІизаби ва гьибаталдасаги кІудияб мунагь. Хирияб Кьуръаналда ТІадегІанав Аллагьас, ва хІадисазда салат-салам лъеяв аварагас гІадамазда тІасан гьел инжит гьарун кІалъалел гІадамазул гьан кванайлъун бугин абун буго. Хварав вацасул гьан кванай нилъее кигІан къабихІаб пишалъул бугеб? Гьединаб, сурукъаздасаги сурукъаб иш кколеб буго цогидазул хІакъалъулъ квешаб рагІи аби. Хирияв Аварагас (с.т.гІ.в.) МугІазиде гьабураб хитІабалдаги руго гьадинал магІнаялъул рагІаби «... кІалалъ, мацІалъ абулел рагІабаздалъун дуца гІадамал тІутІун раге, гурони жужахІалъул гьабзаз мунги тІутІун вазе вуго» (Абу Наим, «аль Хулият» (40/10)).

Гьал муназул кІодолъи нилъеда лъаниги ва гьаниб хъвазе бигьаго бугониги, гІумруялда гьел гьаричІого тезе цІакъ захІматаб иш буго. Нилъедаго лъачІого ккезе рес букІуна. Тавбуялда даимлъи гурони хвасарлъиги гьечІо. Амма гьибат-бугьтаналдаса цин нилъеца хІакъир гьарурал тІаса лъугьинаризе ккола.

### Мунагьал интерненалда аза-азариде рахуна

Щивасул вацапалда рукІана цо чанго кьукъа ва щибалдаги вукІуна анцІ-анцІ, нус-нус чи. Цо лахІзаталда гІаламалъухъего щола лъикІаб букІа гьоб яги къабихІаб букІа ролик, сурат. ХІадисалда буго цо квешаб иш гьабизе бащадаб рагІиялдалъунгицин кумек гьабурав мунагьалъулъ гІахьалчи вугилан. Масала, дур квералдалъун цо чиясул ккараб мунагь-хатІа яги гьев хІакъирав куцалда бугеб суратниги битІани интерненалдасан Ютюбалде ва цогидалги соцсетазде ва кьукъабазде, гьеб кьокъаб заманалде аза-азар чиясда бихьун батула. Гьел киналго ги ккола мунагьалъукье мун сабаблъун ва дур мунагьги гьелда бащадго кІодолъула.

Гьеб ролик, сурат, кечІ-бакъан халкъалда гьоркьоб сверулеб бугебгІан заманалда мунагьалги цІикІкІунел рукІуна. Кьиямасеб кьоялъ гьевщинав чи нугІлъунги чІола ва дуе жаваб кьезеги кутакалда захІмалъула. Гьелъул гІаксалда, лъикІаб вагІза-насихІат, Кьуръаналъул аятал, хІадисал, лъикІал малъа-хъваял тІиритІизаруни, гьеб щварав чиясул, гьелда нахъвилъун лъикІлъи гьабунщинасул кири дугеги щола. Инсан хун хадубги гьесул лъикІлъиялъул яги квешлъиялъул асар интерненалда бугебгІан заманалда гьеб пишаялда рекъараб кири яги мунагь хъвалеб букІуна.

ГІалимзаби, исламалъул дагІватчагІи ана дунялалдаса, амма гьезул вагІзабиги макъалаби руго интерненалда ва гьездасан халкъалъ пайдаги босулеб буго, счетчикалъ гІадин гьезие кири кьойидаса кьойиде бачІунебги кьотІулареб. Гьединго руго чороклъи, питна, бидгІа интерненалдаги тун хварал гІадамалги, гьелъухъ мунагьалги гьезие тІаде рачІунерачІунел рукІинарищха. Нилъеца абураб рагІиялъги, хъвараб жоялъги, бахъараб сурат-роликалъги чиясул гІумру хвеялдецин ккезе бегьула, цогидал халкъалдаго цере суризарула, чан батІияб балагь-питна букІунеб. ЦІунаги Аллагьас гьединаб питнаялде нилъ ккеялдасаги, нилъедасан чияе гьединаб зулму гьабиялдасаги.

### Телефон бацІцІад гьабе

ХІасилул-калам, телефоналда жанибги бугелъул, нилъер соцсетазда лъун бугебщиналъул хІисаб-суал гьабизе ккела ва гьениб дагьабниги щаклъи бугеб жо батани, гьебги нахъе гьабизе ккела. Телефоналда жанибгицин щибго къваригІел гьечІеб жо теларо, щайгурелъул, дудаго лъачІого чияхъе ккезе бегьула гьелда жаниб бугеб. Абула жасусиял программаби рукІунин нилъеда лъачІого суратги бахъулел, телефоналда бугеб къватІибеги кьолел, гьединлъидал цІодорлъи гьабизе ккола.

КІвар гьабизе ккараб иш буго, нилъеца компьютералдасан, телефоналдасан гьабураб, балагьараб, бахъараб, хъвараб нилъехъа бажарула бацІцІине, амма нилъер гІамалал хъварал кагътаздаса бацІцІине ТІадегІанав Аллагьасда гурони кІоларо. Гьединлъидал гІакъиласул пиша буго гьабуралдаса тавбу гьаби, мунагьазде тІадвуссунгутІиги ва гьединго интернетги цогидал технологиялги квешлъиялъе гуреб, исламалъе пайдаялъе хІалтІизари. Аллагьас , кумек гьабеги киназего нилъеда дандчІварабщинаб лъикІлъиялъе хІалтІизабизе.

**МухІамад РАЖАБОВ.**
**«Ассалам»**
**газеталдаса босараб**

*Нилъер гьарзаяб нигІмат*

# Ахбазаналъул урбеч

**Нилъехъги, тІолго Дагъистаналъул бокьараб хъизамалда гьеб тІагІамаб ва сахлъиялъе пайдаяб нигІмат камураб стол батизе кьанагІатаб буго. «Баче хъизан нилъер бугеб тІагІамаб урбеч гьоболасда бихьизе», - гІемер абулеб рагІула.**

Ахбазаналъул урбеч кьиматаб кибго букІин бихьизабула цо мисалалъ: Казахстаналдаса гІаданалъ, цІех-рех гьабун Хьаргабиса гьабихь ракІ бацІадго гьабураб урбеч рес бугони дие битІеян дица дур арал расходал киналго рецІилин, -абун. Гьеб лъималазе цо-цо гьуд радал кьезе пайдаяб букІун. КІудияб рахьи-бакъиги, баркалаги бачІана гьелъ хъван. Бихьулеб буго ахбазаналъул урбеч хасаб цохІо республикаялда гуребги кьиматаб букІин.

Урбечалъул тІокІлъи, пайда букІин лъараб букІана нилъер цересел умумуздаго. РикІкІаде сапаралъ унаго, имам Шамилил рагьазул заманаялдаги, хирияб кІалал кколеб заманалдаги гьеб нигІмат хасго цІикІкІун хІалтІизабулеб нигІмат букІана. Гьелъ инсанасде кьуват бачІинабула, ракьи-кьеч, кьо хІехьей букІинабула.

Гьеб нигІматалъул хаслъи ккола гьеб букІун жиндилъ витаминал цІунараб, гамчІил гьобоялъ ххараб букІин, 40 градус хинлъи гурони хъвачІеб букІиналъ, гьелда гьорлъ рукІунел витаминазул даража хуларо.

Такрар гьабуниги гьелъ ракьи-кьеч ккола, имунитет борхула, белкабаз ччурбал рачІинарула, тІом, малъазул, нервабазул хІал лъикІлъизабула, бидул холестерин дагь гьабула,сахаралъул диабет бугезе квербакъула.

Гьеб нигІматалъулъ руго витаминал: A, E, C, F, H, PP, K ва цогидалги, Кислотаби – линолевая, стеариновая ва цогидалги гьарзаго рукІиналъ тохтурзабазги гьеб хІалтІизабизе бихьизабула.


Редактор:
Раджабов Расул Абакарович
Газета гІуцІарал:
ЛъаратІа районалъул администрациялъул ва редакциялъул хІалтІухъабазул коллектив

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цІуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0106

Материалалда рихьизарурал хІужаби ритІарал рукІиналъул жавабчилъи тІаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечІого рукІинеги бегьула.

Адрес редакции:
368420: Республика Дагестан
Тляратинский район,
с.Тлярата
Тираж 1100 экз. Индекс: 51372

Газета отпечатана в типографии "Лотос" по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать: 30.06.2018
по графику: 19.00
фактически: 19.00
Заказ ________